*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrınıń 100 jıllıǵına baǵıshlanǵan*

# QARAQALPAQ MILLIY TEATRÍNÍŃ PAYDA BOLÍW TARIYXÍ

**Urazova Larisa Karamovna** – *tariyx ilimleriniń kandidatı, docent*
Larisadiana7908@mail.ru
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

# ИСТОРИЯ ВОЗНИКНОВЕНИЯ КАРАКАЛПАКСКОГО НАЦИОНАЛЬНОГО ТЕАТРА

**Уразова Лариса Карамовна** – *кандидат исторических наук, доцент*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE HISTORY OF THE KARAKALPAK NATIONAL THEATRE

**Urazova Larisa Karamovna** – *Candidate of Historical Sciences, Associate Professor*
*Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*

**Tayanch so‘zlar:** teatr, sahna, spektakl, aktyor, aktrisa, havaskorlar to‘garagi.

**Rezyume.** Maqola Qoraqalpog‘iston teatr san’atiga bag‘ishlangan. Badiiy havaskorlikning birinchi to'garaklarining, "Tan nuri" birinchi teatr truppasining paydo bo'lishi va Berdax nomidagi Qoraqalpog‘iston davlat akademik musiqiy teatrining tashkil etilishi.

**Ключевые слова:** театр, сцена, спектакль, актёр, актриса, любительские кружки.

**Резюме.** Статья посвящена театральному искусству Каракалпакстана. Появление первых кружков художественной самодеятельности, первой театральной труппы «Тан нуры» и создания нынышнего Каракалпакского государственного академического музыкального театра имени Бердаха.

**Key words:** theatre, stage, performance, actor, actress, amateur clubs.

**Summary.** The article is devoted to the theatrical art of Karakalpakstan. The appearance of the first amateur art circles, the first theatre troupe "Tan nuri" and the creation of the new Karakalpak State Academic Musical Theatre named after Berdakh.

Teatrdıń ornın ayta otırıp, Ózbekstan Prezidenti Sh.Mirziyoev xalıqaralıq teatr kúni múnasebeti menen mámleketimiz teatr kórkem óneri xızmetkerlerin qutlıqlaw sózinde: «Hámmemiz jaqsı bilemiz, insan hám jámiyet turmısında, xalıqtıń ruwxıy dúnyasın, oy pikirin rawajlandırıwda teatr kórkem óneriniń ornı hám áhmiyeti sheksiz.

Ullı babamız Mahmudxoja Behbudiy aytqanınday, teatr haqıyqattan da ibratxana, qutlı tárbiya hám bilim mákanı bolıp tabıladı. Dúnyadaǵı eń ǵalabalıq hám tásirli kórkem óner túrlerinen biri bolǵan teatr ásirler dawamında insanlardı adamgershilik hám jaqsılıqqa shaqırıp, olardıń kewilinde ullı pazıyletler, gózzal sezimlerdi kámal tabıwǵa, jámiyet turmısında tınıshlıq, doslıq hám awızbirshilik, joqarı etika hám ádalat principlerin bekkemlewge xızmet etip kelmekte» [1]. Búgingi Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrınıń dúziliwi 8-noyabr 1926 jılı Qasım Awezovtıń «Tilek jolında» spektakli menen baslanıp, teatrımız bir ásirlik tariyxına iye. Qaraqalpaq xalqınıń awızeki milliy dóretiwshiliginiń kópshilik shıǵarmaları bizlerge búgingi kúnde xalıq qosıqshıları - jıraw hám baqsılardıń teatrlastırılǵan elementlerinen quralǵan atqarıwshılıq óneri tiykarında jetip kelgen. Bul óner professional qaraqalpaq laqqıları hám masqarapazlar, hár túrli xalıq oyınların hám bayramları, betashar hám háwjar aytılatuǵın toy máresimlerinde de ushırasadı. Bunı ózgeshe teatrlastırılǵan tamasha dep te atawǵa boladı. Belgili ilimpaz, folklorist Qallı Ayımbetovtıń «Ótken kúnlerden elesler» kitabında qaraqalpaq awılınıń bet ashar máresimin jazıp qaldırǵan: «Awıldıń shayırsımaq bir jigiti qolına qulashtan uzınıraq sırıq alıp onıń ushına kelinshektiń betindegi oramaldıń bir ushın baylap bet ashar kórimligin ayta basladı. Eń aldı menen sol awıldaǵı iyshannıń, keyin sol awıldıń aqsaqalın, kelinshek túsken úydiń iyeleriniń atların, onnan keyin bet ashar ashıwshı awıldaǵı adamlardı terip alıp, olardıń atların aytıp, olardıń peyili, qılıqları menen múshesin, qılǵan kásiplerin súwretlep kúldirgi qatar qosıqtı dóndirip aytıp shaǵlap atır. Shayırdıń awıl adamlarınıń ústinen dálkek qılıp aytqan qosıq qatarına bet asharǵa kelgen adamlar shaqalaqsıp kúledi. Kelinshek hárbir ataǵan atlarǵa iyilip tájim beredi» [2].

XX ásirdiń 20 – jıllarında jańa dúzilgen burınǵı awqam ushın teatr jámiyetke mámleketlik tez tásir etiwdiń quralı boladı. Jańa húkimet mámlekette teatr óneriniń joqarı roli haqqında ayta otırıp, ayırım húkimet basshıları dindi basqa nárse menen almastırıw kerek, endigide teatr dinniń ornın basadı dep aytadı. Jańa hákimiyat

teatrdı birinshi gezekte, ózleriniń ideyaların úgit násiyatlaw ushın, al keyin ala xalıqtıń kórkemlik talǵamın tárbiyalaw ushın paydalanıwǵa háreket etedi [3]. 1917-jıldıń aqırında Petro-Aleksandrovskte soldatlardıń háweskerler dógeregi bolǵan edi. Onıń quramında hár qıylı millet adamları-qaraqalpaqlar, ruslar, ukrainler hám basqalar boldı. Dógerek reperatuarı da internacionallık sıpatqa iye boldı.

1919-jılı Petro-Aleksandrovskte birinshi mámleketlik kórkem óner mákemesi-RSFSR dıń muzıkalı drama jámiyetiniń bólimi ashıldı, onıń wazıypasına Ámiwdár'ya bólimindegi háweskerler dógereklerin birlestiriw olarǵa basshılıq etiw, qalalarda tólemli spektakller, koncertler hám kesheler shólkemlestiriw, sonday-aq, oraylıq qalalardan professional kollektivler shaqırıw ilajları kirdi.

Qaraqalpaqstannıń húkimet basshıları kórkem ónerdiń rawajlanıwına hár tárepleme járdem etti, háweskerler dógerekleri tarawın keńeytiwge baǵdarlanǵan bir qatar áhmiyetli sheshimler qabıl etti. Ámiwdárya bóliminde mádeniy aǵartıw jumısın eń jaydırıwǵa 1920-jılı 383,4 mıń manat ajırattı. 1920-21-jıllarda bunday dógerekler Shımbay, Shoraxan, Shabbazda payda boldı. 1921-jılı Tórtkúlde qalalıq klubtıń ashılıwı bolajaq teatrdıń qáliplesiwine ádewir dárejede tásirin tiygizdi.

20-jıllarda ózbek adebiyatınıń wákili Xamza Hákimzada Niyazıydıń Qaraqalpaqstanda bolıwı qaraqalpaq xalqınıń dramaturgiyası menen teatr óneriniń rawajlanıwına sózsiz ádewir tásir jasadı.

1925 jılı sol waqıttaǵı wálayattıń paytaxtı Tórtkúlde - arnawlı oqıw orınları, kurslar hám mektepler ashıladı. Usı jerlerde milliy quramı hártúrli bolǵan (qaraqalpaq, qazaq, tatar) háweskerler dramatikalıq dógerekleri payda boladı. Qaraqalpaq háweskerler kollektiviniń dúziliwi pedagogikalıq texnikumına oqıtıwshı bolıp kelgen, tatar milletinen bolǵan Zarif Fatıxovich Kasımovtıń atı menen baylanıslı.

Ol háweskerler dógereklerine belsendi qatnasıwshılarınan qaraqalpaq teatr truppasın shólkemlestiredi. Wálayatlıq xalıq bilimlendiriwi bólimi hám basqa da shólkemler wákilleriniń qatnasıwı menen 1927-jılı 24-aprelde ótkerilgen keńes usı truppanı milliy teatr dep atap kórsetti. Solay etip, Tórtkúldegi háweskerler dógerekleri bazasında «Tań nurı» milliy qaraqalpaq teatrı shólkemlesedi, onda dáslep 14 adam, sonıń ishinde 3 hayal-qız bolǵan, oǵan Á.Ótepov basshılıq etedi [4]. T.Seytmuratov, A.Matyakubov, K.Ubaydullaev, M.Matjanov, I.Seytov, K.Bekmuratov, M.Temirxanov, M.Qálimbetov hám basqalar «Tań nurı» milliy qaraqalpaq truppasınıń birinshi aktyorları boldı.

Óz jumısınıń dáslepki jılında teatr tek ayqın jumıs penen shuǵıllandı, onıń repertuarında qaraqalpaq xalıq qosıqları, namaları, sonday-aq, qaraqalpaq ádebiyatı klassikleriniń shıǵarmaları da boldı. «Tań nurı» truppası qoyǵan dáslepki dramalıq shıǵarmalardı dramaturgler S.Májitov, Q.Áwezov, A.Ótepovlar jazdı.

Dáslepki jıllarda teatrdıń turmısı awır boladı. Eń tiykarǵı mashqala professional aktyor hám rejissyorlardıń bolmawı, teatr qániyge xudojnikler hám muzıkantlarǵa iye emes edi. Teatrda ol jılları hayal-qızlar az bolǵanı sebepli, ayırım waqıtları Ábdiraman aǵanıń ózi-aq hayal obrazın atqara beredi [5]. Al turmıs bolsa jańa hám quramalı talaplardı qoyadı. Teatr kollektivin qollap quwatlaw ushın hár túrli ilajlar qollanadı. Milliy teatrımızdıń qáliplesiwinde hám jas talantlar menen tolıwında Ábdiraman Ótepovtıń xızmeti úlken. 1930-jıldın oktyabrinde RSFSR Xalıq Komissarlar Keńesiniń «Teatr isin jaqsılaw hakında» qararı qarakalpak teatr kórkem oneriniń káliplesiwinde áhmiyetli rol' atqardı. 1930-jıldıń dekabrinde Tórtkúlde birinshi Mámleketlik professional teatrdıń dúziliwi - biziń halqımızdıń mádeniy turmısında úlken waqıya boldı. Á.Ótepov teatrdıń birinshi direktorı, Moskvadan Qaraqalpaqstanǵa jiberilgen I.V.Korınman rejissyorı boladı [4]. Mámlektlik teatrdıń truppası 32 adamnan ibarat bolıp, teatrdıń birinshi aktyorları pedagogikalıq hám awıl xojalıq texnikumlardıń studentleri boldı. Bul teatr Qarakalpakstannıń barlık 11 rayonına xızmet korsetiwge mólsherlendi. Teardıń ómir súriwiniń birinshi aylarında teatr direktorı Á.Ótepov óziniń esabatlarında jazıp qaldıradı: «1930 jıldıń dekabrinen- 1931 jıldıń may ayına shekem teatr tek ǵana paxta isiniń báhárgi egis mapazında kórkem xızmet kórsetiw tayarlıǵı hám onı ótkeriw menen bánt boldı. 700 kolxozda 26 spektakl qoyıldı. Rayonlarda 2 teatr dógerekleri dúzildi» [6]. Óz jumısınıń dáslepki qádemlerinen baslap jańa teatr aldıńǵı jańa ideyalardı keń miynetkeshler toparınıń arasında taratıwshı úgit-násiyatshı boldı. Biraq teatrǵa maman kadrlar jetispedi, teatrdıń basshısı jobasız isledi. Teatr óziniń dáslepki spektakllerinde, koncertlerinde dáwirdiń eń tolǵandırıwshı sorawlarına juwap beriwge umtıldı.

Jańa teatrdıń birinshi spektakli úlken tabısqa erisedi. Bul Ábdiraman Ótepovtıń «Teńin tapqan qız» atlı pesası bolıp, bul pesa teatrdıń repertuarında 1934 jılǵa shekem boladı. 1932 - jıldıń aqırında Qaraqalpaqstan teatrlarında 122

adam boldı. Sonnan 96 adam – artist, bunnan 35 adam Qaraqalpaqstan milliy teatrında isledi. Jas teatrdıń talantlı artistleriniń arasında Yu.Shariypov, erli - zayıplı Fayzievlar, Q.Begimov, A.Xojalepesov, Masharipov, Raxmatullaev, J.Shamuratov, X.Axmedov hám basqalar bar edi [4]. Qaraqalpaq mámleketlik professional teatrdıń dúziliwi, onıń quramında professional, sawatlı aktyorlardıń toplanıwı qaraqalpaq milliy mádeniyatınıń rawajlanıwına, qaraqalpaq dramaturgiyasınıń ósiwine salmaqlı úles boldı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Мирзиёев Ш. Халқаро театр куни муносабати билан мамлакатимиз театр санъати ходимларига табригидан. Халқ сўзи, 2021 йил 27 март, № 62 (7842) с.
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Қарақалпақстан 1988-жыл.
3. Сотникова Е. Театральное образование в Сибири в 1920-е годы: исторический аспект.
4. Муратова П. Қарақалпақстанда интеллигенция кадрларын таярлаў. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1992.
5. Шамуратова А. Театр - өмирим ҳәм тәғдирим. Нөкис, 2016.
6. Баяндиев Т. Каракалпакский государственный театр имени К.С.Станиславского (1930- 1967). Ташкент 1971.